



## Konsantman Paran/Responsab ak Deklarasyon sou Responsablite pou Patisipasyon Elèv nan Evènman/Aktivite

Se lekòl la ki dwe ranpli fòm sa a, yo voye l bay paran/responsab la pou revizyon ak apwobasyon epi retounen li nan lekòl la pou paran bay elèv yo idantifye anba a pèmisyon pou kapab patisipe nan nenpòt evènman/aktivite lekòl la patwone ki nan lis anba a, enkli klip yo. Yo dwe ranpli tout seksyon yo. Paran/responsab ta dwe adrese dirèkteman lekòl la kesyon yo genyen konsènan evènman/aktivite, enkli klip yo, epi yo kapab jwenn enfòmasyon sou evènman/aktivite lekòl la sou sit entènèt lekòl la. Yo dwe kenbe fòm ki ranpli yo nan dosye edikasyon elèv la.

# Elèv	Prenon Elèv	Inisyas 2yèm prenon	Siyati	Dat Nesans
# Lekòl	Non Lekòl			
Sipèvizè Evènman/Aktivite			Nimewo Telefòn Lekòl la	

### Enfòmasyon Jeneral

Evènman/Aktivite	Dat(yo) ak Lè(yo)	Lokal Evènman/Aktivite
Deskripsyon Evènman/Aktivite		
Anplwaye/Envite ki pral prezan pandan evènman/aktivite		

### OTORIZASYON PARAN/RESPONSAB AK REKONESANS RISK YO

1. Mwen konprann patisipasyon nan evènman/aktivite sa a volontè.
2. Paran/responsab ak elèv la responsab pou transpò ale ak soti nan evènman/aktivite a sof si yo espesifye yon lòt fason.
3. Paran/responsab ak elèv la konprann distri lekòl la, dirijan li yo, ajan oswa anplwaye yo pa responsab pou elèv la pandan tan li ap vwayaje pou ale oswa soti nan evènman/aktivite a, sof si lekòl la ap bay transpò.
4. Paran/responsab, ak elèv la pral pran responsablite pandan tout dire patisipasyon elèv la nan evènman/aktivite a epi yo pral asire responsablite yo epi pa rann Komite Dirijan Lekòl Rejyon Palm Beach la responsab pou okenn blese oswa aksidan oswa pèt objè pèsonèl ki enplike elèv la.
5. Paran/responsab kapab retire pèmisyon pou elèv la patisipe nan evènman/aktivite ki endike anwo a nenpòt ki lè, lè w kontakte lekòl la ak/oswa sipòtè a.
6. Nan ka yon ijans medikal, mwen otorize sipòtè oswa chapewon ki an chaj evènman/aktivite a pou chèche tretman medikal ijans pou elèv mwen an sou depans mwen.

Mwen te li epi konprann enfòmasyon ki anwo yo epi mwen aksepte responsablite yo deziyen yo. Mwen akòde patisipasyon nan tout aspè nan evènman/aktivite ki endike anwo a, sof si mwen te tcheke bwat ki anba a.

**MWEN PA** bay pèmisyon pou elèv la patisipe nan evènman/aktivite ki mansyone anwo a.

\_\_\_\_\_  
Siyati Paran/Responsab

\_\_\_\_\_  
Non Paran /Responsab anlèt detache

\_\_\_\_\_  
Dat